



Pou Piblikasyon Imedya: 05/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL, KÒ ENJENYÈ LAME AMERIKEN, LIDÈ MAJORITE SCHUMER, AK SENATÈ GILLIBRAND ANONSE KONTRA YO BAY POU REPARASYON IJANS LITORAL YO NAN LÈS FIRE ISLAND

Kontra kò lame a ede satisfè demann Gouvènè Hochul konsènan detèminasyon "tanpèt ekstrèm" ak efò ekip kolaborasyon ant plizyè ajans yo

Pwojè a make premye akò travay pwojè a ke Distri New York Kò Lame a reyalize

Gouvènè Kathy Hochul, Kò Enjenyè Lame Ameriken (U.S. Army Corps of Engineers, USACE), Lidè Majorite Sena Ameriken an Chuck Schumer ak Senatè Ameriken Kirsten Gillibrand anonse jodi a sibvansyon yon kontra gouvènman federal la finanse pou fè reparasyon enpòtan nan yon pwojè sou jesyon risk tanpèt kotyè ki andomaje nan Fire Island nan Konte Suffolk. Yo te bay yon kontra 52 milyon dola nan dat 5 out bay Great Lakes Dredge and Dock Company nan Houston, Texas, pou travay ki nesèsè pou pwoteje kominote Litoral Sid Long Island yo.

"Sekirite Nouyòkè yo se youn nan pi gwo priyorite mwen yo, sitou kominote ki vilnerab ak enpak move tan akòz chanjman klimatik yo." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk tanpèt ki rive pi souvan ak yon fason ekstrèm, New York ap fè fas ak defi yo pou pwoteje kay ak enfrastruktir nou yo. Mwen bat bravo pou Kò Enjenyè Lame Ameriken pou repons rapid yo pou finanse reparasyon ijans sa yo epi pou asire konstriksyon pral fèt atravè yon mendèv kalifye k ap travay selon pratik travay jis."

Kòmandan Distri New York Kò Enjenyè Lame Ameriken (USACE) an, Kolonèl Alex Young, te deklare, "USACE kontan anonse kontra sa a yo bay la. Sa mete nou sou wout pou nou kòmanse faz konstriksyon reparasyon ijans bò lanmè sou Fire Island ane sa a. Mwen ta renmen remèsye anpil ofisyèl eli federal, eta ak lokal yo pou sipò enkwayab nou te resvwa pandan nou te bouje byen vit pou pèmèt pwojè sa a rive nan konstriksyon. Mwen vle remèsye tou tout patnè nou yo ki soti nan Depatman Enteryè, nan Sèvis Pak Nasyonal ak Sèvis Lapèch ak Lavi Sovaj, Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York ak Depatman Deta New York, Konte Suffolk ak Vil Brookhaven ki te reyini pou fòme Ekip Kolaborasyon ant Plizyè Ajans ki te enpòtan nan travay atravè anpil defi ki te ede nou atenn kontra akselere sa a."

Lidè Majorite Sena a, Chuck Schumer, te deklare, "Jodi a, kontra 52 milyon dola a mennen yon pa pi pre restorasyon din yo nan Fire Island pou pwoteje kominote li yo ak asire entegrite zile a, yon baryè ki pwoteje South Shore ki gen anpil moun nan Long Island lan. Apre tanpèt yo, mwen te itilize telefòn mwen pou sekirize reparasyon ijans enpòtan sa yo sou Fire Island, epi mwen bat bravo pou Kò a, Senatè Gillibrand ak Gouvènè Hochul paske yo te travay avè m pou fè sa. Mwen remèsye Brigadye Jeneral Lloyd, Kolonèl Young ak ekip li a nan Kò a pou travay yo avèk nou ak eta a epi mwen pral kontinye defann èd kontinyèl atravè Suffolk anrapò ak domaj tanpèt sa a."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Mwen kontan dèske Kò Enjenyèr lame Etazini an te bay kontra sa a pou abòde gwo domaj kominote lès Fire Island yo te sibi ane pase. Sa a se yon etap enpòtan nan direksyon pou fè reparasyon enpòtan nan kominote Fire Island ak litoral la e mwen fyè dèske m te travay ansanm ak Gouvènè Hochul ak Senatè Schumer pou sekirize reparasyon ijans sa yo. Retabli Kot Sid la nan Long Island rete youn nan pi gwo priyorite mwen, epi mwen pral kontinye goumen pou ede jwenn asistans federal kominote yo bezwen."

Evènman move tan ki te kòmanse nan mwa septanm 2023 avèk Siklòn Lee ak Tanpèt Twopikal Ophelia, epi ki te vin gen apresan tanpèt bò lanmè soti novanm 2023 jiska janvyè 2024, te prezante yon enpak kimilatif ki te ewode gwo pati nan bèm plaj ak din ki fè pati pwojè Fire Island Inlet pou Moriches Inlet (FIMI), ki lakòz domaj nan enfrastruktir ak pwopriyete sou Fire Island soti nan kominote Ocean Bay Park nan lès rive nan Davis Park.

An repons ak domaj la, nan mwa desanm 2023 Gouvènè Hochul te fòmèlman mande yon apwobasyon akselere demann Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la bay Kò Enjenyèr lame Ameriken an pou asistans reyabilitasyon ijans pou pwojè FIMI Kò a nan zòn lès Fire Island nan Konte Suffolk. Demann lan te jwenn sipò Konte Suffolk, esponsò lokal DEC pou pwojè FIMI a, ki te bay anpil dokiman sou domaj tanpèt la. [Demann New York yo](#) te kòmanse yon pwosesis nan kad [pwogram federal yo rele PL 84-99](#), ki pèmèt Kò lame a deplwaye gwo fon reparasyon gouvènman federal la pou repare pwojè tanpèt yo andomaje ki detèmine kòm yon evènman move tan. Nan mwa avril 2024, Kò a te apwouve pwojè sa a pou lajan PL 84-99 epi li te kòmanse pwosesis pou fè reparasyon yo.

Kò a, lè sa a, akselere enspeksyon fizik, fè sondaj, fè travay enjeniri ak konsepsyon, te travay pou kreye yon gwoup travay an kolaborasyon ajans pou fè avanse koperasyon sou pèmi règlemantè ak amelyore kominikasyon, epi rankontre nan plizyè okazyon ak antite lokal ki konsène yo. Lidèchip Kò a, ekip ekspè DEC, ak lòt pati konsène enpòtan yo, te vwayaje pou ale nan kominote Fire Island nan plizyè okazyon pou angaje ak rezidan lokal yo pou adrese enkyetid yo. Efò sa yo te ede jwenn sipò lokal epi pèmèt pwojè a avanse.

Direktè Egzekitif Konte Suffolk Ed Romaine te deklare, "Plaj baryè Konte Suffolk yo enpòtan anpil pou pwoteje tè prensipal la epi bay yon motè ekonomik pou rejyon nou

an. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, Lidè Majorite Schumer, ak Senatè Gillibrand pou patenarya yo pandan n ap travay ansanm pou nou solidifye kòt nou yo kont pwochen tanpèt yo."

Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal Eta New York la, Sean Mahar, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York ap travay ak patnè lokal, eta ak federal nou yo, ki gen ladan Kò Enjenyè Lame Ameriken an ak delegasyon Kongrè New York la, pou fè avanse rekipèrasyon apre tanpèt ak prepare pou move tan ak inondasyon alavni ki gen rapò ak klima Kontra reparasyon ijans yo te anonse jodi a fè avanse konstriksyon akselere pou pwoteje kominote Fire Island yo, epi DEC remèsye Kò Enjenyè Lame Ameriken an paske yo kowòdone efò kolaborasyon plizyè ajans sa a."

Pwojè sa a make tou premye fwa Distri New York nan Kò Lame a te aplike yon akò travay pou pwojè (Project Labor Agreement, PLA) pou aktivite dragaj ak plasman sab. PLA a asire ke pwojè a pral fini avèk efikasite, avèk yon mendèv kalifye epi an konfòmite ak pratik travay jis yo.

Anons jodi a konplete angajman Gouvènè Hochul te pran pou restore bò lanmè New York yo, ki gen ladan [finansman li te fèk anonse pou sipòte reyabilitasyon ak prevansyon inondasyon nan Long Island](#) ak prèske [300 milyon dola pou kominote yo ki sibi gwo enpak negatif klima k ap chanje nou an](#) nan fè avanse inisyativ rezistans ak investisman yo.

Plan Rezistans global Gouvènè Hochul pou Pwoteje Nouyòkè yo

Gouvènè Hochul te anonse yon plan rezistans global pou pwoteje Nouyòkè yo kont move tan, nan kad pwopozisyon Eta Leta 2024 li a. Gran pwen yo enkli:

- **Lanse Pwogram "Rezistan ak Prepare" (Resilient & Ready)** a pou kreye yon fon fleksib pou sipòte efò rezistans pou pwopriyetè kay ki gen revni ba ak modere yo anvan tanpèt alavni yo. Pwogram nan ap pèmèt Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) a ede fanmi ki sibi domaj inondasyon yo fè reparasyon ki nesèsè apre tanpèt yo epi l ap kouvri depans pou amelyorasyon pwoaktif pou diminye enpak inondasyon yo.
- **Prezante Pwogram Racha Volontè Blue Buffers** la avèk 250 milyon dola ki antre nan Bidjè Egzekitif 2024-2025 lan pou ankouraje racha nan kominote ki pi vilnerab a inondasyon yo. Pwogram nan pral priyore sansibilizasyon ak edikasyon an premye epi apre sa kòmanse idantifye pwojè volontè ki baze sou nivo risk inondasyon, pou asire nou pwoteje kominote nou yo ki pi vilnerab a gwo dlo ak gwo tanpèt.
- **Fè gwo investisman nan repons a katastwòf nan tout eta a** pou mete plis twoup sou teren an, amelyore fòmasyon ak preparasyon, epi adrese menas k ap evolye yo amezi y ap vini.
- **Mete Ajou Kat Zòn Danje Ewozyon Kotyè (Coastal Erosion Hazard Area, CEHA)**, ki esansyèl pou pwoteksyon plaj, din ak falèz ki kenbe ak amelyore

rezistans kont inondasyon, pou kominote yo ak aplikan pèmi yo ka detèmine rapidman si yon pwopriyete twouve l nan yon CEHA.

Investisman ak inisyativ sa yo konplete tou inisyativ aktyèl yo nan Eta a ki gen ladan Lwa sou Obligasyon pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik (Clean Water, Clean Air and Green Jobs Environmental Bond Act) ane 2022 pou 4.2 milya dola ki finanse pwojè pou modènize enfrastrikti dlo ki ansyen epi pwoteje kalite dlo, ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon, redwi polisyon nan lè a epi diminye emisyon ki chanje klima yo, retabli abita yo epi prezève espas deyò ak fèm lokal yo. Kominote defavorize yo pral resevwa omwen 35 pousan nan benefis finansman Lwa sou Obligasyon an, avèk yon objektif 40 pousan. Pou plis enfòmasyon sou Lwa Obligasyon an, ale sou www.ny.gov/BondAct.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)